


ANN BAY LODYANS 7

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
1997

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 7

MALIS AP VANN, WA AP PRAN

Yon jou yon nèg t ap fè yon ti vizit lakay Malis. Pandan li t ap pare pou l ale, je l tonbe sou yon bèl ti lanp. Malis pwofite di l: “M wè ou ap gade bèl ti lanp mwen an. Ou pa bezwen mande m achte l, non, paske m pa p janm vann li. Se granpapa m ki mouri kite l pou mwen. Li te toujou di si yon moun pwòp nan kò l ak nan lespri l, ti lanp sa a ap pèmèt li wè sot isit rive nan Ginen, menm anndan yon kay ki fèmen ak mi.”

Nèg la mande: “Èske ou te seye sa deja?” Malis reponn: “O non, monchè! Èske ou kwè m ta ka rete konsa jis pou m ka fè jouda, fouye lavi prive moun? Non, non! M konsève ti lanp la pou bèbèl.”




Piti piti, koze lanp la rive nan zorèy Wa a. Wa a deside ale touswit pou negosye ak Malis. Kou l rive, je l tonbe sou ti lanp la. Li di: “Kobaba! Yo te gen rezon. Ti lanp la se yon mèvèy. Malis, tanpri, vann mwen l, non. M ap ba ou tout sa ou ta vle.” Malis reponn: “Mon Wa, m ta fè ou kado ti lanp la lamem, si se pa t yon souvni li te ye. Granpapa m te fè m sèmante pou m pa janm separe ak ti lanp la. M pa vle nan pwoblèm ak lemò. Se pou sa m pito pa vann.”

Wa a karese Malis, li pwomèt li tout pwoteksyon. Alafen, li louvri men Malis, li depoze san dola ladann. Lè msye wè bèl fèy lajan, li dakò pou ba Wa a ti lanp la.



Epi, nan denmen, Malis al achte yon vye bourik ak kòb la. Depi nan aswè Malis kole plizyè pyès lajan annò anba ke bourik la, epi li mare l anba tonnèl ki devan kay Wa a. Yon gad parèt, li wè bourik la. Li poze Malis keksyon. Malis rakonte l se grasa lò bourik la ba l ki fè li kapab viv. Yon ti moman, Wa a gentan okouran. Li deside fò l achte bourik Malis la touswit. Men Malis p ap mache konsa.



FRNFAN

Malis di: “Wa, se bourik la ki sèl byen m genyen pou m viv. Si m pa gen bourik la pou ban m lajan, kouman m pral fè pou m viv?” Wa a reponn: “Malis, fè pri ou. Ou mèt vle yon fòtin, m ap ba ou l. Men tanpri, ban m bourik la. M pral envite tout lòt wa yo pou vin wè yon bourik k ap pou pou lajan... Pale non, Malis! Konben ou vle?” Apre yon ti moman, Malis di: “Mon Wa, m reziye m. Ou twò bon nèg pou m ta fè ou souffri. Kòm se ou menm, ou mèt ban m di mil

dola.” Wa a reponn: “Pa gen pwoblèm, m ap pran l.”

Yo mennen bourik la nan palè a, men depi li janbe pòtay la, yon malè sèk tonbe sou li. Li pa kab pou pou lò ankò. Sa fè Wa a lapenn. Li di se Malis ki fè wanga pou sa. Li pral chache l pou touye l. Malis aprann nouvèl la, e touswit li ranje yon konplo ak madanm li.

Lè Wa a parèt lakay Malis, li tandè vwa madanm Malis k ap kriye: “Gras, pitye, se pa fòt mwen!” Malis di: “M pral touye ou pou m fè ou kite. Se ou k lakòz tout sa.” Wa a fè yo defonse pòt la, yo jwenn madanm lan blayi atè a, benyen nan san. Malis esplike Wa a se madanm li ki lakòz bourik la pa pou pou lò ankò. Se pou sa li sot touye l la.

Kè wa a fè l mal pou madanm Malis. Li di: “Monchè, se pa t nesèsè pou touye madanm lan pou sa. Di mil dola pa anyen pou mwen. Podjab, gade kriye timoun yo! Si m te gentan rive, m pa t ap kite ou touye l pou sa.” Epi Wa a pran kriye nan mouchwa l.

Malis di l: “Mon Wa, ou se yon nèg ki gen bon kè. Madanm lan merite sa k rive l la, men si ou vle, m ka rezoud sa. Mwen gen yon bale majik nan chanm lan ki ka mete l sou de pye tankou

mwen ak ou.” Wa a renmen wè bèl mèvèy. Li mande Malis pou resisite madanm lan byen vit. Malis pran bale a, li bay madanm li twa ti kout baton, epi li di: “Ey madanm, leve! Se mwen Malis ki òdone ou sa.”

Madanm lan souke kò l epi li brap! li leve. Wa a sezi, li kontan. Li gentan ap kalkile sou kijan li pral eseye bale a sou madanm pa li, Larèn lan, lè li fin achte l nan men Malis.



Men fwa sa a, Malis pa vle sede. Li di Wa a: “Wa, ou pa konn kijan pou ou sèvi ak zouti m yo. Si ou kontinye konsa, ou ap fè yon gwo malè, epi lèfini, se mwen k ap peye po kase a. Eskize m wi, mon Wa, fwa sa a, m pa ta renmen vann ou.” Wa a karese Malis, men Malis pran pòz li pa vle. Alafen Wa a di li l ap pran bale a pa nenpòt mwayen. Wa a voye chache bout sak lajan lakay li ak yon rejiman sòlda. Li bay Malis lajan an, epi li ale ak bale majik la.

Lè Wa a rive lakay li, kè l cho. Li vle eseye bale a touswit. Li chache yon pretèks pou fè kont ak Larèn lan. Lè diskisyon an vin chofe, li rale nepe l, li koupe tèt Larèn lan. Lè Prens la parèt pou fè l wè rezon, li koupe tèt li tou. Kè Wa a pa fè l mal menm lè l wè madanm li ak pitit gason li kouche

atè a, benyen nan san. Li monte nan chanm li, li pran bale majik la, li di: “Mwen pral leve yo kounye a.”

Wa a rive devan kadav Larèn lan, li ba l twa ti kout baton, epi li rele byen fò: “Ey madanm, leve! Se mwen menm Wa ki òdone ou sa.” Wa a ap tann pou madanm lan leve, men podjab, Larèn lan te byen mouri, li pa souke kò l menm. Kè msye kòmanse kase. Li pwoche bò kadav pitit gason l la, li fè menm bagay la. Ti nonm lan pa souke kò l tou. Wa a mete de men nan tèt pou l rele.

Konsa Wa a fè yo pran Malis, yo mete l nan yon sak, yo pandye l nan yon pyebwa annatandan yo voye l nan lanmè. Malis t ap kalkile kisa pou l ta fè pou l chape, lè de vòlè vin ap pase anba pyebwa a.



Mesye yo kòmanse diskite. Youn vle pou yo separe trezò ki nan sak la, lòt la di se pou li l ye, paske se li menm ki te wè l anvan. Lè mesye yo ale pou mete men, Malis di: “Poko, mesye! Louvri sak la pou m esplike n.”

Yo louvri sak la, Malis pran konte: “Mwen rele prens Chal. Wa a vle marye m ak pitit fi l la. Poutèt

m pa dakò, li fè yo mete m la pou m reflechi. Pou laverite, Prensès la pa mal, men m deja fyanse. Si youn nan nou ta vle, li mèt pran plas mwen an.” De vòlè yo tire osò, e se vòlè ki pi malen an ki antre nan sak la. Se konsa Malis rive chape ankò.

Sa gen kèk jou depi yo te voye sak la nan lanmè. Wa a t ap fè yon pwomnad, li pase devan kay Malis. Lè l voye je l nan lakou a, sezisman manke touye l: “Sa m wè la? Se pa Malis sa a?” Malis di: “Wi, Wa. Se mwen, wi. M ap konte lajan mwen an. Tout sa ou wè la, se sa m te jwenn kote ou te voye m lan.”



Wa a reflechi, li reflechi. Valè kou li pran nan men Malis deja, ou panse l pa ta mache. Men anbisyon monte nan tèt li. Li mande: “Èske gen lò toujou nan fon lanmè a?” Malis reponn: “O, Wa, se yon veritab depo, wi! Se jou m ap veve pou m desann al pran yon lòt chay ankò.” Wa a di: “Non, Malis! Ou pa gen yon pa ou ap fè! Ou p ap rich sou do m ankò.”

Wa a retounen lakay li. Èske ou konn sa enbesil la te fè? Li fè gad yo mete l nan yon gwo sak, li fè yo voye l jete menm kote yo te jete Malis la.

Pwovèb la gen rezon di: “Anbisyon touye rat.”

Mari Dyevela Seza


PAWÒL TAFYA

Vwala, se te yon moun ki te gen abitud, lè l fin manje, li pa janm lave vèsò yo. Chak lè li fè sa, toujou gen yon ti sourit ki vin niche kras manje ki rete nan vèsò yo.




Yon lè, menm kote vèsò yo te ye a, te genyen yon gwo chodyè plen kleren. Ti sourit la tonbe nan chodyè kleren an. Li fè anpil manèv pou l sòti, men li pa reyisi. Sibitman, li wè yon gwo chat ki vini ap pase la. Li rele l: “Konpè chat, tanpri souple, sove mwen!”

Chat la kanpe, li di l: “Konben ou ap peye m, si m mete ou deyò?” Ti sourit la reponn li: “Si ou sove lavi mwen, kou mwen sòti, ou mèt manje m.” Chat la di: “Mwen dakò pou kondisyon sa a.”



Chat la lonje ke l bay ti sourit la andan chodyè a, li rale l sòti. Men vwala, kote chat la al mete ti sourit la atè a, te gen yon ti twou. Ti sourit la vloup, li



antre nan twou a, li kanpe,
l ap ri chat la.

Chat la di: “Rete,
konpè sourit, kisa ou fè
la? Gen lè ou bliye
kondisyon an!” Ti sourit
la reponn: “Kisa nèg sa a ap di la a? Ou pa t wè se
pawòl tafya m t ap pale la!”

Ibè Egzil, Sèkakavajal

FANMI MWEN

Tijak: Madanm souple, èske ou ta ka ban m
senk goud pou m kap ale jwenn fanmi mwen,
tanpri souple?

Touris: Pa gen pwoblèm, pitit mwen an, men
senk goud. Konsa, ou ka ale wè fanmi ou. Men,
ki kote fanmi ou ye?

Tijak: (*L ap kouri chape poul li*) Nan sinema,
wi.

Chita Pa Bay

PYE FEN, GWO VANT, AK TI BOUCH

Se te twa bon zanmi ki t ap mache ansanm. Youn rele Pye Fen, yon lòt rele Gwo Vant, yon lòt ankò rele Ti Bouch. Men mesye yo te grangou anpil: ti trip t ap vale gwo trip.

Pye Fen di: “Mesye, nou grangou. Kite m monte pye kayimit sa a. M a lage kèk atè. Apre sa, n a separe, n a plen vant nou.” Pye Fen fè sa, li monte pye kayimit la towtow. Men chak kayimit li lage atè, Gwo Vant manje l. Chak kayimit li lage, Gwo Vant manje l. Tank li lage kayimit atè, se tank Gwo Vant manje yo.



Men lè Pye Fen desann, li mande Ti Bouch: “Kote tout kayimit yo m te lage atè a?” Ti Bouch di konsa: “Se pa mwen, papa, ki manje yo. Se Gwo Vant, wi, ki te fè zak sa a.”

Pye Fen vin fache, li gade Gwo Vant. Li ba l yon kout pye nan vant li, boum! Vant li kase! Epi konsa Pye Fen kase pye li. Epi Ti Bouch ki t ap gade sa menm lè a, li lage yon gwo kout ri: “Ki ki ki!” E menm lè a, ti bouch li menm rive chire jous dèyè zòrèy li. E touletwa vin twa enfimite pou kayimit.

Istwa Timoun Yo Rakonte M

MARASA TWA AK MARASA

Bouki: M pa te di ou: man Jozèf te gen marasa twa, epi de senmenn pita, li te gen marasa!

Ti Malis: Se pa posib, sa! Kijan sa te rive?

Bouki: Enben, youn nan marasa twa yo te al rete nan kay grann li, konsa kounye a man Jozèf gen marasa!

Chita Pa Bay

DYEDONE NAN CHEMEN DJAB YO

Vwala te gen yon jennjan ki rele Dyedone. Yon jou papa l rele l: “Dyedone pitit mwen, m ap voye ou lavil pou mwen. Men pinga ou janm pase nan wout dekoupe a, tandè, pou malè pa rive ou!”

Depi jou sa a, chak fwa Dyedone pral lavil, li toujou pase nan gran chemen. Men se twouve gen yon swa, lè li rive devan 2 wout yo, msye te bouke. Li di: “Aswè a, m pa fouti fè tout wout sa a. M ap pase nan lòt wout la. Si yon moun fache, l a fè sa l vle.”

Msye pran chemen dekoupe a vre. Apenn li fè kèk pa, li voye je l, li wè yon ti djab ki chita nan mitan wout la. Dyedone ale pou l pase akote. Ti djab la bare l: “Kwa kwa kwa! Ala chans m genyen jodi a. Mwen chita chita m, epi yon vyann vin jwenn mwen. Ki kote ou prale, ti nèg?”

Dyedone kòmanse tranble. Men li pran kouraj li ak 2 men, li pran chante pou ti djab la. Epi ti djab la ap chante, l ap pyafe. Lè l wè ti djab la pèdi nan danse, li di: “M ale, wi!” Ti djab la reponn li: “Podjab!”





D y e d o n e
kontinye mache, li
prèske lannwit nèt.
L ap reflechi:
“Poukisa ti djab la di
m podjab?” Malgre
li kòmanse pè, l ap
mache, l ap priye. Se
konsa li rive bò yon
gwo kay an pay. Se
kay gwo djab la.

Kon gwo djab la wè l, li kòmanse fwote men l:
“Ayayay! Ala chans nou genyen aswè a. Mwen
chita chita m, epi yon vyann vin antre nan djòl
mwen.” Dyedone gentan pare l pou chante, men
gwo djab la rele: “Melani, kote ou ye? Al met
chodyè sou dife. Nou pral manje ti nonm sa a. M
ap soti. Debouye ou pou tout bagay pare anvan
m tounen.”

Melani se te madanm gwo djab la. Li di ti nonm
lan: “Sa ou te pèdi isit la, ti gason? Jan m deja
fatige la, ou vin ban m traka sa a. Kounye a fòm
blije al koupe bwa, limen dife pou kwit ou. E m
deja gen mayi pou m pile...”


Li mennen Dyedone nan lakou a. Li pran yon kòd, li mare l nan dèyè yon pye mapou. Epi li rekòmanse pile mayi a. Apre yon ti tan, Dyedone di: “Grann, ou pa ta vle m ede ou?” Li reponn: “Wi, pitit mwen, m ta byen renmen sa, wi! Men si m lage ou, ou ap sove e lè sa a, se mwen mari m pral bat.” Dyedone di: “O grann, kouman m ap fè sove? Ou bliye si pitit ou yo nan wout la.”



Konsa Melani lage Dyedone, epi ti nonm lan pran manch pilon an nan men l. Men apenn li kòmanse pile mayi a, pilon an chavire. Melani fache: “Ou wè sa ou fè! Se mwen k gen tò. Mwen pa t dwe koute ou. Kounye a, fò m ranmase tout mayi sa a met sou tout travay m gen deja.” Melani bese pou ranmase mayi a. Pandan sa, Dyedone pran manch pilon an, li gade l nan tèt, li kow! Granmoun lan mouri tèt nwè.

Dyedone dezabiye l, li met rad yo sou li, epi li met vye chapo a nan tèt li. Li trennen kò a nan

kizin lan. Nan de tan twa mouvman, chodyè sou dife epi manje gentan sou tab. Tout rejiman an parèt, yo monte sou tab san yo pa di yon mo. Se manje y ap manje vyann lan. Gwo djab la di: “Wi fout! Gade kijan vyann ti nonm lan bon!”



Pandan y ap manje toujou, Dyedone fè yon chap. Li soti nan lakou a. Li fè yon kwa, li abiye l ak rad Melani yo, li met chapo a nan tèt kwa a, epi li mete l kanpe nan mitan lakou a. Lè l fini, li di pye sa m manje m pa ba ou!

Lè ti djab yo fin manje, yo rele manman yo pou ba l rès zo yo. Li pa reponn. Yo wè l kanpe nan lakou a, yo pwoche: “Manman! manman!” Sezisman! Yo rele gwo djab la vin wè. Yo kouri nan kizin lan, se lè sa a yo wè tèt Melani ap tranpe nan yon ganmèl. Ti djab yo 2 men nan tèt ap kriye. Gwo djab la di sa p ap pase konsa.



Pandan sa, Dyedone gentan rive lakay li. Li rakonte papa l tout bagay. Papa a di: “Pitit, nan kisa ou mete tèt ou la! Mal la deja fèt. Kounye a se konnen kijan n ap debouye n. Bon, m konn sa



m pral fè.” Papa Dyedone pran vye fizi chas li a sou galta a. Li rantre bouch la nan twou pòt la, epi l ap tann. Bidsoukou, djab yo frape nan pòt la. Li reponn: “Ou mèt antre, wi. Kle a nan twou seri a. Pran l ak dan ou, epi li louvri pòt la.”

Gwo djab la tèlman prese, san reflechi, li kole dan l nan pwent fizi a. Enbesil la panse se yon kle. Pandan sa, yon bal pati nan gòj gwo djab la, bow! Li blayi tou long. Ti djab yo pè, yo kouri al kache nan fon bwa.

Se depi lè sa a, moun pa pè dekoupe.